Ассаламу гIалайкум!

АХИХЬАН

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 27 (7219) 8 Июль Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

Щивасул кIалал ва гIибадат къабул гьареги!

ХIурматиял диналъул вацал ва яцал! Ахиралде щвана баракатаб, жинда жаниб хирияб Къуръан рештIараб, Лайлатул къадриялдалъун кIодо гьабураб рамазан моцI. Гьеб лъугIидал бусурбабаз кIодо гьабула кIалбиччаялъул гIид ва Аллагьасда гьарула, хирияб рамазан моцIалъ ккурал кIалал, рарал какал, гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьабегийилан. Баркула киназдаго гIидалъул къо. Хириял ражаб, шагIбан ва рамазан моцIаз гьарурал лъикIал гIамалалги киназулго къабул гьареги, гьел хадусел моцIаз цIикIкIинаризе, гьезда тIадчIезе тавпикъги кьеги. Баракатаб моцIалъ как- кIалазулъ мукъсанлъи ккарал бусурбабазеги гьарула, тавбуги гьабун, Аллагьасул ритIухъаб нухдаса тарич1ого церехун рилълъин. Ахирзаманалъул балагьаздаса Дагъистанги тIолалго бусурбабиги цIунаги! Биччанте кIалбиччан къоя лъул гIидалъул баракат рештIине щивав дагъистаниясул рокъоб. Амин!

ГI. НУРМУХIАМАДОВ.
«Унсоколо район» МОялъул бет1ер

Хадубккун бандитизм тIибитIунгутIизелъун

Гьал къоязда Генуб букIана районалъул экстремизм-терроризмалде данде чIеялъул кидагосеб группаялъулги гьеб ишалде гьетIи бугезулги дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул общественнияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ зам. М. ХIамзатов, специалист Ж. ГIалиев ва банбподпольялде гьоркьоре ккун рукIарал гIадамалги. ДандчIваялда бичIчIана гьезул улкаялъул политикаялде, гьелъул ихтиярал цIуниялъул органазде ва самоуправлениялъ гьарулел хIалтIабазде дандечIарал пикраби гьеч1олъи. Лъазаруна гьезул социалиял захIмалъаби, гьел тIуразарулаго тIадал органаз кинаб балагьи гьабулебали, гIагарлъиялда радикалиял рахъазул рахъ кколел, гьединазулгун бухьен бугел ругищали ва цогидалги суалал.

Районалда гIемер тIоритIулел гьединал дандчIваязул аслияб мурад буго нилъер мохъалда хадубккун цере гIадин бандподпольял раккизе ва тIиритIизе тунгутIи. ТIобитIун буго 8 адаптационнияб гара-чIвари, гьезул листалги цIезарун руго.

ЧIагояб гара-чIваригун ана

(Балахьуни - нухмалъиялъулги жамагIаталъулги дандчIвай)

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов цогидал структурабазул нухмалъулелгун цадахъ гьал къоязда данчIвана Балахьуни росдал жамагIаттун. Гьевгун цадахъ ракIана бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, райсобрниялъул вакил К. Асадулаев, районалъул больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, прокурор ХI. Хайчилаев ва цогидалги. Балахьунире щвеялъе аслияб гIилла букIана гIадамазул пикрабазухъ гIенекки, росдал захIмалъаби лъазари, гьезие кумекал гьариялъе ресал рати.

ДандчIвай рагьулаго бетIерас бихьизабуна жинца бищунго кIвар лъай кьеялде, ай школазде, ясли-ахазде кьолилан. «Цогидал соназде дандеккун нилъер исана руго гIемерал медалистал, лъикIлъана лъай кьеялъул качество, гьеб бихьизабуна ЕГЭялъул хIасилаз. – Нужер лъималазул лъай букIиналда бараб буго районалъул букIинесебги, гьезул гIумроялъул даражаги»,-ян бихьизабуна бетIерас.

Лъай кьеялъул суалазда цадахъго жамагIаталъул дандчIваялда суалал хъатIана культураялда, диналда, социалиял рахъазда. – Нилъер буго бечедаб культура-тарих гьеб нилъер лъималазда лъазе ккола, кинабго рахъалъ лъай ва бичIчIи букIинабулаго цебетIезабизе ккола росдал магIишат, гьелъие ресалги нилъер руго,-ян тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас.

Росдал гIадамаз кьуна хIалхьи толарел суалал. Гьенир рукIана «рохьоса къватIире» рачIаразул, экстремистал террористазул сияхIалде ккарал росуцоязул. ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна гьезда хурхун адаптациялъул хIалтIи хIисабалда бачунеб бугин. КантIаразе бигьалъаби рукIине ругин бихьизабуна. Гьезул ва боевикал ккуразул бицунагоги бетIерас бихьизабуна кинабго рахъалъ лъай босиялъул бугеб кIваралъул. Районалъул прокурорас тIадчIей гьабуна Балахьуни, Генуб, ХарачIи росабазул ва Дагъистаналъул цогидал бакIазул гIадамазулги цо-цоязе цIар бугин экстремистлъиялъул, гьеб «имидж» къокъаб заманалда хисизабизе кколин. «Правоохранительниял хIалтIухъабаз кIудияб хIалтIи гьабуна гьеб рахъалъ. Амма цIар-рецц гьабизе бокьун гьечIо гIолохъанал васал чIваялъул, кигIанго пачалихъалде данде гьел рахъаниги. Законалъ жакъа гьукъун гьечIо динияб хIалтIи гьабизе, гьелъ чиясул ихтиярал хвезарулел гьечIони. Нужеда гьеб бичIчIизе ккола. Нужер росулъ гIемер руго пачалихъалъул законалъул хIурмат гьабулел, гьелда рекъон гIумро гьабизе бокьулел гIадамал. БичIчIи букIине ккола щиб гьабуни сунде нилъ рачунелали»,-ян бихьизабуна ХI. Хайчилаевас. Гьединго кьуна ракьазда хурхарал, гIолилазе хIалтIи гьечIолъиялъул бицарал, нухазе ремонт гьабиялъул, ахихъанлъи, гIи-боцIухъанлъи цебетIезабиялъул, росдал магIишаталъул производство цебе бачиналъул, сах гьария лъул учреждениязул путевкаби щвеялъул ва цогидалги суалал.

ЖамагIаталъулги нухмалъиялъулги гара-чIвари чIагояб, хIаракатаб куцалда ана.

Ахихъан

Районалъул газета

№ 27 (7219)

8 Июль 2016 сон

2 гъумер

Араб анкьалда РДялъул правительствалъ гьоркьоб лъуна хIалтIухъ мухь кьеялъул республикаялда бугеб хIалалъул суал. Гьелъул хIакъалъулъ захIматалъул ва соцзащитаялъул министрасул замас бицана гьаб соналъул I июлалде 4I млн. 500 азарго гъурущалъул налъи бугин. Бихьизабуна гьеб кьеялъе ресал ратулел ругин.

Баркиял

КIалалги къабуллъаги, ракIалги рацIцIалъаги!

«Ассаламу гIалайкум, «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъаби! Бокьун буго нужер газета гьоркьоб ккун, кIал биччан гIи-далъул къо баркизе гIагарлъиялда ва тIолабго росдал жамагIаталда. Рамазан моцIалъ гьабурабщинаб гIибадат тIадегIанав Аллагьас киназулго къабул гьабун батаги, хадусел соназдаги Аллагь разияб гIамалалда рукIине тавпикъги кьеги!

Толеб гьаб дуниял диналда аги,
Даимаб ахират рохалил щваги,
Щваралда Аллагьас баракат лъеги,
Ккурал нужер кIалал къабул гьареги!
Гьаб кьерханкъо гIадаб дуниялалда
Аллагьас цIунаги квешалдаса нилъ!
Щивасул рукъалъе рекъел гьарула,
Гьуинаб гъасито, гъункараб хъизан,
НакIкIал гьечIеб зобгун, гьури гьечIеб бакъ,
Къварилъи лъаларе гIумро гьарула.
Щивасул рукъалъе хинлъи гьарула,
Хиянатлъи гьечIев гьудул гьарула,
Хириял умумаз малъараб гIакълу,
ГIадалъе босулел, лъимал гьарула.
Гьарзаго магIишат, дунял гьарула,
Гьарун вачIарасе садакъа кьезе,
Сахаватлъи, гурхIел-рахIму гьарула
Аллагьасул нухда витIи гьарула.
Щибаб лъимералъе эбел гьарула,
Щибай эбелалъе лъимал гьарула,
Гьоболлъухъ рачIине лъималги кватIун,
Рагьда бералги лъун умумал тоге!
Эбел-инсул рокъоб сунгеги чирахъ
Хъанхъра чIван гьансито тогеги цIорон,
Гъасда гIодов кIусун, маргьу бицунев,
КIудада сверун ккун, рукIаги лъимал!

Гьединго дие бокьун буго гIемерал соназ дун хIалтIараб, цебе фабрикалъул яслиахлъун букIараб «Ромашка» садикалъул дида цадахъ хIалтIулел рукIаралщиназда тIадегIанав Аллагьасе гIоло, киналго дида тIаса лъугьа,-ян гьаризе, дун гIамалтIабигIаталъул рахъалъ кинабго бадибе абулей, хехаб гIамалалъул гIадан йикIин хIисабалдеги босун. Гьединго тIолалго росдал гIадамаздаги гьарула дица тIаса лъугьа,-ян. Дунги Аллагьасе гIоло киназдаго тIаса лъугьарайги йиго.

ПатIимат ГЪАЗИЕВА.
Буйнакск шагьар.

* * *

ХIурматияб Унсоколо районалъул жамагIат! РакI-ракIалъ баркула нужеда кIал бичан къо! Нужер киназулго кIалал ва гьабураб гIибадат Аллагьас къабул гьарун ратаги! Гьарула чорхое сахлъи, рохел. ТIаде кIалбиччанкъоги нилъер щивасе гьоркьоса чи камичIого, рохалилаб бачIаги!

Сулейман МУХIАМАДОВ.
ЗахIматалъул ветеран.

Росдал организациязде щвана

Балахьуни росдал жамагIатгун дандчIван хадуб районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва цогидал нухмалъулел щвана росдал учреждениял-организациязде. ЛъикIаб къимат кьуна участкаялъулаб больницаялда чIезарун ругел шартIазе, гьениб гIадамазе медициная лъул хъулухъ гьабулеб бугеб куцалъе. Росдал медколлективалда цере кIалъалаго бетIерас бихьизабуна гьезул хIалтIудаса жив рази вугилан. Хадур щвана ясли-ахикье, лъазаруна гьенир ругел шартIал, гарачIварана коллективгун, гьединго школа лъул коллективалда цере лъуна масъалаби.

2016 соналъул ЕГЭялъул хIасилаз рази гьаруна

(Бицунеб буго Л. МухIамадгIалиевас)

Лъай кьеялъул система ахириял саназда бищунго приоритетнияб рахълъун ккола район цебетIеялъул гIаммаб программаялда жаниб. Гьаб соналда гьеб процесс дагьабги лъикIлъиялъе гIемерал хIалтIаби гьарун рукIана. Ва гьелъ хIасилалги лъикIал кьуна. Араб соналде дандеккун чанго нухалъ лъикI кьуна выпускниказ ЕГЭ. Гьел гьабсагIаталда республикаялдаго лъикI кьуразда гьоркьор рикIкIунелги буго. ХIасилазул хIакъалъулъ бицана лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевас.

- Лабазан МухIамадгIалиевич, гьаб соналда ЕГЭялде гьабураб хIадурлъиялъе ва гьелъул хIасилазул рахъалъ кинаб къимат кьолеб дуца?

-БитIахъего абизе ккола арал саназде дандеккун исана ЕГЭ лъикI анилан. РакI бохизабулел хIасилал ругел киналго росабазул школазул баянал руго дихъ. Руго цо-цо школал цо-цо предметазул хIасилал гIодоре ккаралги. Амма цадахъ босун базовияллъун рикIкIунел ва аслияллъун кколел гIурус мацIалъулгун математикаялъул хIасилал кIиго-лъабго нухалъ цIикIкIун лъикIал руго. Руго школал выпускниказ I00 % ЕГЭ кьуралги. РачIаха хIасилал данде росизин гьеб кIиябго предметалъул. ГIурус мацIалъул ЕГЭ кьурал 211 выпускниказул 174 чиясда кIвана гьеб кьезе. Гьеб ккола 82,4 %. КьечIо 39 чияс, амма гьезул рес буго цоги нухалъ экзаменал кьезе. Гьединлъидал тIадехун рехсарал хIасилал хисизе бегьула.

Гьелда данде кквеялъе росизин араб соналъул хIасилал. ГIурус мацIалъул ЕГЭ кьолел 2I6 выпускниказдасан гьеб кьезе кIвана I5I чиясда. Гьеб ккола 70 процент. Балагьараб мехалъ гьаб соналда хIасилал лъикIлъун руго I2,4 %. Гьединго математикаялъулги ккана лъикIал хIасилал. Базовияб предмет кьуна I82 чияс. Кьезе кIвана I32 ясда (72,5%). Араб соналда гьеб кьуна I53 чияс, гьеб кьезе кIвана гIицIго 90 чиясда (63,5%). Исана профельнияб математика кьезе районалда гIарза кьуна 90 чияс, 67 кьуна (74,4%). Араб соналда профельнияб математика кьезе кIвана гIицIго 28 чиясда, 77 чисдасан. ХIасилал лъикIлъана 38,4%.

-Кин дуда кколеб, сунда бараб бугеб исана ЕГЭялъул гьадинал хIасилал ккей?

-ТIоцебесеб иргаялда учительзабиги цIалдохъабиги ЕГЭ кьеялде жавабчилъигун ралагьана, кутакалда кIвар кьун хIадурлъана, лъималаз киналго экзаменал кинаб букIаниги кумек гьечIого жидецаго кьуна, кинаб букIаниги кумек къватIисан щвезе рес букIинчIо, гьеб киназдаго лъазеги лъалаан. Гьебги бичIчIун ЕГЭ кьелалде чанго нухалъ хIалбихьи гьабуна тесталъулал экзаменал кьей гIуцIун. Гьелъ цIалдохъабазе рес кьуна жидерго лъай борцине, жеги хIадурлъизе ккей гьезда бичIчIизе. КIудияб кIвар лъай кьеялде кьолеб буго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Баркала буго гьесие, гьес лъай кьеялъул процесс жиндирго кверзукье босичIебани, гьадин качество районалда борхизе ресги букIинчIо. Лъай букIинабиялда бараб бугелъул хадусеб гIелалъул букIинесеб. ГIиса МухIамадович живго гьорлъе лъугьана ЕГЭ качествалда, кинаб букIаниги дандеккунгутIи биччачIого иналда. Гьес гьалатIал кколищали кидагосеб хъаравуллъиялда гьоркь чIезабунги букIана гьеб. Гьединго нижер куратор, бетIерасул зам. М. ХIасанова щибаб ЕГЭялда жийго гIахьаллъана, гьелъул иналда хадуб хал ккуна.

-Чан медалист вугев районалда?

-Араб соналда районалда букIана I8 медалист, исана вуго 23. Генуб поселокалъул школалда вуго I, Генуб росдал – I, Рихьуни – I, Унсоколо № 1– 8 медалист, Унсоколо №2 – 4, Шамильхъалаялда – 7. Араб соналда 2 медалист букIана Балахьуни школалда, 2 Рихьуни, 6-Унсоколо № I школалда, №2 школалда - 4, Шамильхъалаялдаги – 4. ЕГЭялъул хIасилазда рекъонги медалистазе кьезе рагIи кьун буго 5 балл. Гьезие медалал кьуна рохалилаб ахIвал хIалалда.

- Проходниял баллазул барьер нахъа тарал выпускниказул ЕГЭ кьеялъул хIасилал данде росанищ нужеца, ругищ гьезда гьоркьор тIадегIанал баллал щварал?

- Кутакалда ракI бохизабуна гьез, руго. РукIинеги дагьал гьечIо гьединал. ГIурус мацIалъе районалда 60 баллалдасаги цIикIкIун щвана 45 чиясе. Гьеб цIакъ лъикIаб хIасил ккола. Унсоколо № I школалда йиго 9I балл щварай яс. Гьей ккола Зарема Загьидова. Генуб ПСОШалда Жамиля САлихIовалъе щвана 86 балл, Шамильхъалаялдаса Зульфия ХIамзатовалъе щвана 83 балл. Унсоколо №2 школалдаса Аминат ТIагьировалъе щвана 8I балл, ПашилтIаса Барият ХIамзатовалъе щвана 76 балл. Гьединал руго 45 чи, киналго кинха рехселел.

Математикаялъе гьединал цIикIкIарал баллал гьечIо. Амма цIарал рехсезе бокьун буго 50 ялдасаги цIикIкIун балл щварал Меседо СагIабдулаевалъул УСШ № 1, (62 балл), Сакинат ГIабдулаева УСШ № 2, (56 балл), ПатIимат Вагьабова ШСОШ ва Асият МалламухIамадова УСШ № I (56-56 балл). Гьединго Зульфия ХIамзатова ШСОШ, Зарипат Дибирова ИСОШ, Сайгибат ГIабдулаева ШСОШ, Таймасханов Рамазан – ШСОШ, Жамиля САлихIова – ГпСОШ, МухIамад СагIидов ва Мурад Кантемиров – ШСОШ – 50-50 балл.

-ЕГЭ кьолаго гьалатIал риччалел рукIанищ?

-Кинабго рахъ хIисабалде босани, исана ниж ЕГЭялъул цебесеб кьерда руго. РукIана гIиси-бикъинал гьалатIал. ХIехьезе бегьуларел гьалатIал гьечIо. Кисаниги лъималазе кумекги щвечIо. Къокъго абуни ЕГЭялде хIадурлъун рукIана кутакалда тIадчIун. Беразда цебе лъикIлъун бачIана районалда лъай кьеялъул процесс. Кинабго рахъ данде бачун цIакъго кIудияб хIалтIи гьабулеб буго школазда. Цониги учреждение гьечIо лицензия гьечIеб. Дагъистаналда киса-кибго гурелъулха лъай кьеялъулъ гьединаб хIал бугеб.

-Нилъер районалъул школазул лъималазда гьоркьоб махщел тIаса бищиялъе квербакъулел хIалтIаби гьарулел ругищ?

- Руго. ЦIалул сон байбихьаралдаса нижеца школазул директоразда ва цIалдохъабазда лъазабуна профельниял предметазда тIадчIей гьабе,-ян, гьеллъидалха ВУЗазда цIалулаго ва гIумруялъулъ гьезие хIажалъулел. Руго гIемерал махщелал нилъер район цебе бачиналъе хIажалъулел. Гьезда хурхунги цIалдохъабазулгун гара-чIвариял гьарула, тIаса бищи гьезул иш ккола.

-Баркала Лабазан МухIамадгIалиевич интервьюялъухъ. Хадубккунги лъай кьеялъул иша лъулъ бергьенлъаби ва цебетIей гьарула, дуе!

Районалъул цогояб информационнияб Центр.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 27 (7219)
8 июль 2016 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере

Есть все перспективы для развития

(Интервью с главврачом Межрайонной многофункциональной больницы Заремой Магомедовой)

Ни для кого не секрет, что сегодня медицина и врачи в нашей республике подвергаются регулярной критике со стороны населения. Все чаще дагестанцы начали выезжать за квалифицированной помощью за пределы республики, а между тем и рядом с нами работает немало грамотных, хороших специалистов, способных оказать профессиональную, адекватную помощь. Большая работа по улучшению качества обслуживания больных проводится в Республиканской межрайонной многопрофильной больнице, расположенной в поселке Шамилькала. Об одном из самых приоритетных направлений в развитии Унцукульского района – здравоохранении и медицине в нашем районе, его успехах и проблемах и многом другом мы побеседовали с главврачом больницы Заремой Магомедовой.

- Зарема Абдулмуталимовна, расскажите о своей больнице. Сколько районов обслуживает больница и на сколько мест рассчитана?

- История нашей больницы началась в 1986 году, когда во время строительства Ирганайской ГЭС была построена врачебная амбулатория. Спустя год была открыта участковая больница на 10 коек, и функционировала до строительства больничного комплекса в 1994 году на 80 мест для медсан части Ирганайской ГЭС. В 2001 году больница перешла в ведомство Министерства здравоохранения РД, была реконструирована в Республиканскую многопрофильную межрайонную больницу, и с тех пор так и функционирует. Сегодня здесь пять отделений на 80 койко-мест: неврология, экстренная кардиология, хирургия, гинекология, травматология. Сюда приезжают пациенты из 13 горных районов, и даже из Буйнакска, Хасавюрта и Махачкалы. Ведь тут работают хорошие специалисты по сосудистым заболеваниям, лимфологии и другим специальностям. Мы тоже выезжаем в районы, оказываем помощь. Неврология и кардиология у нас освоены очень хорошо, активно применяются в практике современные методы лечения, эти отделения фактически всегда переполнены. В целом, наплыв пациентов бывает и в других отделениях больницы: за первое полугодие 2016 года работа выполнена на 112%. К нам поступают и по направлениям из районов, всем стараемся оказать помощь.

- Как вы поступаете в случаях, когда приходят экстренные больные, нуждающиеся в более сложных вмешательствах врачей и хорошем оборудовании?

- Соблюдая стандарт «золотого часа», оказываем неотложную помощь сами, Иногда, если есть возможность по времени, отправляем больного в Махачкалу или вызываем врачей к нам. С вызовом специалистов по санавиации никаких проблем не возникает. Иногда врачи из города просто консультируют нас по телефону, а если необходимо, тут же приезжают к больному.

- Есть ли у Вас какая-то статистика по тем или иным заболеваниям, свойственным именно нашей местности?

- Такой статистики у меня нет, но скажу, что по стране число здоровых людей составляет 39%. У 46 % населения имеются хронические заболевания. Такая ситуация, конечно, и в нашей местности. И что отмечается, участились случаи заболевания онкологией, туберкулезом, сердечно-сосудистыми заболеваниями (инфаркты, инсульты). Нужно вести здоровый образ жизни, приучать к этому детей, начиная с садиков, школ… Следить за осанкой, правильным питанием, прогулками на свежем воздухе. Убрать телефоны, планшеты подальше, и больше двигаться. Это очень важно.

- Есть ли у вас в больнице кадровый дефицит? Каких специалистов не хватает?

- В данный момент фактически кадровый вопрос у нас решен. Единственные специалисты, которых не хватает, это лор и офтальмолог – очень востребованные, нужные врачи, но, к сожалению, у нас их нет. А так, все специалисты на местах есть, и работают. Также большая нагрузка лежит на наших хирургах, которые вынуждены принимать и экстренных, и плановых больных на операции, и иногда бывает, что ребята работают, не жалея ни собственных сил, ни времени и день и ночь.

- Стараетесь ли вы привлекать в больницу молодых специалистов из нашего района, которые завершили учебу в медицинских вузах и стажируются за пределами родного района?

- Я вам больше скажу: 80% специалистов в больнице – это молодые люди из района. И хирурги, и узист, и гинекологи и многие другие – это молодежь, отлично проявившая себя в выбранной специальности.

- Большинство опрошенных нами выпускников-медалистов из школ района в этом году изъявили желание поступить в медицинские вузы. Как вы думаете, с чем связано такое массовое желание стать врачами, и будет ли им работа в родном районе после завершения учебы?

- Может быть, их привлекает желание помочь людям, быть нужными, а может, им видится какая-то перспектива успешной карьеры в этой сфере… Но я скажу, что профессия врача в России всегда в дефиците, несмотря на то, что очень много специалистов одного и того же профиля. Я думаю, выбирать надо узкие специальности, и стараться быть лучшим в своей профессии. И тогда все получится.

- А какие специальности Вы бы посоветовали им выбрать?

- Опять-таки, лор, офтальмолог… Не менее востребованы сегодня инфекционисты, хирурги, анестезиологи, реаниматологи. Уверена, тому, кто вернется, работа найдется. Но вопрос в том, вернутся ли они. Ведь многие сегодня предпочитают работать в других городах. Учитывая, как строго сегодня проводится ЕГЭ, какие требования ставятся перед образовательным процессом, думаю, ребята будут учиться и станут хорошими специалистами.

- Думаю, ребята еще не понимают, с какими сложностями сталкивается врач в своей работе. Как опытный врач, как вы считаете, что же все-таки самое сложное в вашей работе?

- Самое сложное – это найти подход к пациенту, найти с ним общий язык. Особенно на первоначальном этапе сбора анамнеза. Ведь именно от того, насколько правильно будет собрана информация о болезни человека зависит правильная диагностика, а значит и правильное лечение. Сегодня болезни у людей протекают не так, как описано в специализированной литературе. Много атипичных случаев, требующих от врача индивидуального подхода. Да и пациенты, в первую очередь, смотрят на то, как с ними разговаривал врач, как он к нему отнесся. Это очень важно. Надо вникнуть в суть проблемы человека. Хотя часто попадаются и такие, из которых надо вытаскивать каждое слово.

- Но часто и врачам совершенно не интересно слушать пациентов, и все приходится самим рассказывать врачам. А им как будто и не нужно это знать…

- Да, к сожалению, и такие врачи есть. Может, это связано с тем, что сегодня существует обширная система диагностики заболеваний и обследования. И врачам, как им кажется, достаточно посмотреть анализы, узи и прочее, чтобы поставить диагноз. Раньше не было такого оборудования и разнообразных способов обследования. И врач думал своей головой, анализировал, спрашивал, узнавал. Думаю и сегодня врач в первую очередь должен быть психологом, и беседовать с человеком.

- А есть в больнице врачи, работающие по программе «Земский доктор»?

- Нет, но это только потому, что до нашего поселка программа дошла только в 2016 году. Большинство специалистов принято на работу в предыдущие годы. Буду рада, если по этой программе придут лоры, офтальмологи, и другие вышеперечисленные специалисты. Всегда найдем им работу!

- На одном из совещаний в администрации района речь зашла о некачественной медицине в Дагестане и неграмотности наших врачей. Вы выступили в защиту своих коллег, и сказали, что многое зависит и от оснащенности больниц современным оборудованием. Обидно ли вам, как врачу, слышать такое о своих коллегах? И как обстоят дела с оснащением больницы?

- Очень обидно. Почему-то все считают, что за их здоровье, кроме них самих, в ответе еще и Минздрав, и врачи. Но только не они сами. А бывает ведь и так, что человек годами что-то терпит, скрывает от родных, и потом дело выходит из-под контроля, человеку трудно помочь. Хотя обследование, возможно, заняло бы минут 20 его времени… Есть, конечно, врачи, случайно попавшие в профессию. Не болеющие душой за свое дело и не любящие его. Но ведь не все. Что касается оборудования, Министерство здравоохранения нам все выделяет, и медикаменты, и оборудование, и питание тут хорошее. Но не все, что хочется, конечно, есть. Бывает, что поступает человек с тяжелой черепно-мозговой травмой, а у нас нет томограммы, МРТ, и даже если вызвать специалиста из Махачкалы, без этого оборудования и он не сможет ничем помочь. А в целом, для нормальной работы в больнице все есть.

- Общаетесь ли Вы с пациентами, чтобы узнать, довольны или недовольны они качеством обслуживания в больнице?

- Да, обязательно. Мы часто проводим анонимные анкетирования, беседуем с пациентами, каждое мнение имеет значение. Но в основном, конечно, жалобы бывают на то, что долго пришлось сидеть в очереди или отделение переполнено, и места на несрочную госпитализацию нет. Также мой номер расклеен во всех отделениях, все его знают, всегда готова ответить на звонок в случае, если есть жалобы. Есть «горячие линии» Минздрава, ФОМС итд.

- В стране идет модернизация системы здравоохранения. Как обстоят дела в вашей больнице?

- Да, модернизация идет полным ходом, и мы не остаемся в стороне. Проводится трехуровневая система модернизации: на традиционном, специализированном и высокотехнологичном уровнях. Но скажу, что это очень сложный процесс, начинающийся, в первую очередь, с модернизации мышления. Не могу не отметить того внимания, которое сегодня уделяется охране здоровья населения, семьи и материнства, диспансеризации детей и взрослых республиканской властью и главой нашего района Исой Нурмагомедовым. Нам оказывается всяческая поддержка. Очень многое делается для улучшения качества обслуживания пациентов. Внедряем электронные очереди, по которым пациенты смогут просто записаться к врачу, и прийти. Сделать это можно самостоятельно, а можно и через МФЦ. И выписки сегодня даются в электронном виде. Ведь не зря столько анекдотов про почерк врачей придумали. Лучше, чтобы было напечатано и пациент видел, под чем он подписывается.

- Вопрос с роддомом – один из самых неудобных, наверное. Но не могу его не задать. Откроется ли когда-нибудь при вашей больнице родильное отделение, которого так ждут женщины горных районов и нашего, в том числе?

- Отвечу однозначно – нет. Это очень часто задаваемый вопрос… Скажу прямо, мне было очень обидно, когда закрыли роддом. Понятно, что материнская смертность предполагает самые серьезные меры. Но мы не можем предположить такого исхода, поскольку у нас нет закрепленной за нами женской консультации. Женщины поступали к нам в родах, экстренно, и собрать анамнез было трудно. Зачастую мы просто не знали, были ли во время беременности у женщин осложнения, чем она болела, какие были трудности. Поэтому это огромный риск. Я вложила в роддом много сил, энергии, всю душу. Пропустила самые лучшие моменты из жизни собственных детей, поскольку была поглощена своей работой. Но знаете, я не жалею. Я до сих пор помню, как принимала первые роды, родился мальчик, и он сейчас перешел в 11 класс. Я интересуюсь жизнью детишек, которым помогла родиться. Переживала за мамочек, за детей. Они давали мне колоссальную энергию и вдохновение.

- Не тяжело быть женщиной-руководителем? Какими качествами должен обладать руководитель?

- Да, тяжело. Нужна большая сила воли. Вырабатывается все то, что никогда бы не выработалось в человеке, не будь он руководителем: требовательность, строгость. Но это из-за большой ответственности. Я очень рада, что у меня хороший, дружный коллектив, что они меня поддерживают и понимают. Они все большие трудоголики, работают, не покладая рук.

- Каким Вы видите будущее больницы? И медицины в целом?

- Будущее больницы я вижу обширным, есть все перспективы для успешного развития и выход на уровень оказания высокотехнологической медицинской помощи. Подготовка кадров идет, врачи постоянно повышают квалификацию, внедряют новые научные достижения. А что касается медицины, то я считаю, что несмотря на усиленный переход на платную медицину, надо сохранить бесплатную, качественную медицину. Надо развивать ее, особенно в Дагестане. И тогда все будут довольны и счастливы. Не болейте!

- Спасибо за интересное интервью и успехов в работе!

P.S. Вместе с главврачом больницы, мы прошлись по коридорам и отделениям, и оценили уровень работы в больнице своими глазами. Пообщались и с пациентами, в данный момент получающими лечение в стенах больницы.

Магомед Раджабов, пенсионер, с. Унцукуль: «Я очень доволен всем! И врачами, и лечением, и питанием. Пусть Аллагь вознаградит их! Начиная от санитарок, и заканчивая главврачом – все приветливые, человечные. Я очень доволен!».

Джабраил Магомедов, с. Тунзи, Гергебильский район: «У меня нет никаких нареканий по поводу лечения и отношения со стороны врачей. И уколы делают вовремя, и все, как положено. Очень доволен! Свежий ремонт, чисто, приятно тут находится».

Амиралиева Патимат, с. Чирката, Гумбетовский район: «Я поступила с приступом аппендицита. Меня сразу приняли, сделали операцию, все прошло хорошо. Хирургами очень довольна! Всем очень довольна. Спасибо!»

Даният Абдулаева, с. Гимры, Унцукульский район: «Я также поступила с аппендицитом. Всем довольна, уход хороший! Спасибо врачам!».

«Информцентр» района

Ракьазул актуализация гьаби

ТIад хъван гьечIищ, дур гуро гьеб!

Районалъул территориялда ракьазул актуализация гьабиялъул суал гьоркьоб лъуна гьал къоязда районалъул администрациялда. Гьаб нухалда гьеб букIана Шамильхъалаялъул ракьазда хурхун. Данделъиялде ахIун рукIана гьелъул вакилзаби; школалъул, ясли-ахазул, районазда гьоркьосеб больницаялъул, гьединго ахIун рукIана лъай кьеялъул, МФЦялъул, БТИялъул, ФНСалъул ва цогидалги учреждения-организациязул нухмалъулел.

Данделъаразда цебе гьеб суалалъул кIваралъул бицана райадминистрациялъул бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас, экономикияб отделалъул нач. М. Падуевас, бетIерасул зам. М. ХIажиевас.

Дандеруссин рагьулаго С. АрулмухIамадовас данделъаразда ракIалде щвезаруна ракьул актуализация гьабиялъул район цебетIеялъе бугеб кIваралъул. «Гьеб суалалде кIудияб кIвар кьолеб буго нилъер бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьелде кIвар кьолеб буго распубликаялъул БетIерасги. Нижеда цебе план лъун буго, гьеб бащдабнигицин тIубан гьечIо»,-ян бихьизабуна АрулмухIамадовас. Гьесул рагIабазда рекъон районалда буго 6600 ракьул участка ва 4200 ОКС. Данделъаразда бицахъе актуализациялда бараб буго гьел гIадамазул ругел ракьазул, участкабазул, домазул бетIергьанчилъи чIезаби. «Рукъ, участка нужер букIунаро нужеда тIад гьеб хъван гьечIони». -Нилъеда лъала заманаялъул поселокалда ккарабги, КТОялъул хIасилаз гIемерал рукъзал рихизарулеб мехалъ. Лъала киназдаго гьезул цIикIкIараб къукъаялъе компенсация щвезе гьечIолъи данде кколел документал гьечIолъиялъ. Нагагьаб балагь кканиги, бокьараб жо ккезе бегьуле лъул, буголъи тIад хъван букIине ккола,-ян бихьизабуна гьес.

Планалда рекъон исана 1132 ракьул участка актуализировать гьабизе ккола,-ян абуна М. Падуевас. Январь моцIалдаса нахъе ниж хIалтIулаб группагун щибаб росулъе щвана, бичIчIи кьеялъул хIалтIаби гьаруна. Гьелъие гIоло гьарун руго нуж жакъаги данде.

Гьединго данделъиялда кIалъана бетIерасул кумекчи М. ХIажиев, МФЦялъул директор Б. МухIамадов ва цогидалги. Пемерисел гIодор чIараз бихьизабуна ракьал тIад хъвай гьабсагIаталда тIад бан унеб бугилан.

ЦIиял харбал

Бесдалазде кIвар -аслияб масъала

Араб анкьалда ГI. НурмухIамадовас жиндихъегоги ахIун гарачIвари гьабуна райадминистрациялъул гIолилазул политикаялъул отделалъул нач. А. МухIастановасулгун, «Унсоколо районалъул гIолилал» ДРООялъул пред. Ш. ГIабдулхIажиевасулгун. Гьелъие аслияб гIилла букIана росабаз росабахъе кьун цебе бачине «Радость Сирот» акция тIобитIиялде хIадурлъи. Полилазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб отделалъул вакилзабаз чIванкъотIараб информация кьуна гьеб тIобитIиялъе ругел ресазда ва цере чIарал масъалабазда хурхун. Гьениб «Лъималазе культуриябгун рекIелгьеялъул тадбирал» гIуцIизе руго МахIачхъалаялъул лъималазул рекIелгьеялъул Централда,-ян бихьизабуна Ш. ГIабдулхIажиевас.

ГI. НурмухIамадовас рахъ ккуна гIолилазул хIалтIул хIаракаталъул, бихьизабуна гIолеб гIелалъе тарбия кьей кIвар бугеб суал кколин. Гьеб акциялде гьоркьоре чара гьечIого рачине ккола КТОялъул хIасилаз бесдал гьарурал лъимал. «ГьитIинго эбел-эмен хун бесдал хутIиялдаса кIудияб къварилъи чиясе гьечIо. Лъиданиги кIоларо лъимадуе эбел-эмен хисизе. Амма нилъеца кинабго гьабизе ккола дунялалда бесдалазда жалго хутIун ругин жал абун ракIалде ккечIого букIиналъе. Гьезде кьолеб кIварги букIине ккола кидагосеб ва хиси гьечIеб. Лъималазда бичIчIун букIине ккола гьезул тIалаб-агъаз гьабулеб букIин ва гьел рокьулеллъи. ГIицIго нилъер тIалаб-агъазалъ кверде росизе ккола гьел, бижизабизе ккола гьезул букIинеселде хьул, божилъи, гьелъ гьезие рухIияб къуватги кьезе ккола»,-абун.

Жидерго суалал ругелгун дандчIвана

Жидерго суалалгун рачIарал тIаде къабул гьаруна араб анкьалда райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Аслияб къагIидаялда рачIун рукIана пенсионерал, учительзаби, гIолилал ва цогидалги. Цо-цоязул суалал рукIана цо чанго батIиял. Гьезул аслиял рукIана материалияб кумек гьабиялда, хIалтIи кьеялда рарал ва цогидалги магIнаялъул. Цо-цо суалазда хурхун ГI. НурмухIамадовас жаваб кьуна бачIинахъего. Цогидазе жаваб кьезе тIадкъана данде кколел хъулухъазда, цо-цоял росана жиндирго хъаравуллъиялде гьоркье. Киналго хъварал тIаде къабул гьаруна, кколесе кколеб жаваб кьуна. Щибаб моцIалъул ахирисеб арбагI къоялъ I0 тIубаралдаса I7 тIубазегIан хадурккунги райадминистрациялда тIаде къабул гьаризе руго жидерго суалал ругел гражданал.

Ярмаркабазда гIахьаллъана

КIал биччан къоялда цебе Шамильхъалаялда букIана росдал магIишаталъул ярмарка. Гьенире рачIаразе рес букIана бахчабазул культураби, пихъал, рукъалъе хIажатабщинаб, ретIел-тIех босизе. Ярмарка гIуцIун букIана росдал магIишаталъул управлениялъ. Гьелъул нухмалъулев Ж. Якъубовас бицана базаралда гIахьаллъанин МУПал, СПКял Зирани, Рихьуни, ГIашилтIа, Генуб ва цогидалги росабалъа. 7 машина букIана гьениб районалда гIезабурал картошка, помидор, ахбазан, микьир бугел. Багьаби рукIана гIемерго гIодорегIанал.

Гьединго нилъер магIишатчагIи гIахьаллъана 2 июлалда Буйнакс районалда

букIараб ярмаркаялда. Гьенире магIишатчагIазда цадахъ ана нилъер культураялъул хIалтIухъаби, цо-цояз бихьизабуна жидерго махщел.

Нижер мухбир

Об обеспечении доступности для инвалидов услуг организаций торговли и общественного питания

С 1 января 2016 года вступают в силу основные положения Федерального закона от 1 декабря 2014 года № 419-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам социальной защиты инвалидов в связи с ратификацией Конвенции о правах инвалидов». Согласно изменениям, внесенным указанным Федеральным законом в Федеральный закон «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации», организаций, предоставляющие услуги населению, обеспечивают беспрепятственный доступ инвалидов к объектам, в которых предоставляются услуги, работники этих организаций обязаны оказывать помощь инвалидам в преодолении барьеров, мешающих получению ими услуг наравне с другими лицами.

Применительно к организациям торговли это означает, что, например, в магазинах самообслуживания необходимо помогать инвалидам-колясочникам доставать товар с полок, до которых инвалид не может дотянуться. Инвалидам по зрению следует зачитывать информацию о цене и характеристиках товаров. Применительно к организациям общественного питания это означает, что, например, на предприятиях самообслуживания, при необходимости, инвалиду следует оказывать помощь при выборе блюд и доставки их к месту приема пищи. В целях инструктирования или обучения специалистов, работающих с инвалидами, Министерством труда и социальной защиты Российской Федерации разработано Методическое пособие для обучения (инструктирования) сотрудников учреждений и других организаций по вопросам обеспечения доступности для инвалидов услуг и объектов, на которых они предоставляются, оказания при этом необходимой помощи.

Основной задачей данного Методического пособия является ознакомление работников различных организаций с содержанием необходимых для использования в их работе актов федеральных органов государственной власти, касающихся создания доступной среды для инвалидов и носящих, как обязательный, так и рекомендательный характер. Также рассматриваются вопросы, способствующие эффективной

реализации положений нормативных актов – этика общения с инвалидами, общие подходы к оценке доступности объекта социальной инфраструктуры, в том числе обеспечение доступности для инвалидов услуг организаций торговли и общественного питания. Обязанности в части обеспечения доступности для инвалидов объектов и услуг применяются с 1 июля 2016 года исключительно ко вновь вводимым в эксплуатацию или прошедшим реконструкцию, модернизацию указанным объектам и средствам.

В случаях, если существующие объекты невозможно полностью приспособить с учетом потребностей инвалидов, собственники этих объектов до их реконструкции или капитального ремонта должны обеспечить доступность этих объектов для инвалидов одним из следующих способов: - согласовать способ доступа инвалидов к месту предоставления услуги с одним из общественных объединений инвалидов, осуществляющих свою деятельность на территории поселения, муниципального района, городского округа; - обеспечить предоставление необходимых услуг по месту жительства инвалида или в дистанционном режиме.

За неисполнение законодательства об обеспечении доступной среды для инвалидов установлена административная ответственность в виде штрафа в следующих размерах: - уклонение от исполнения требований доступности для инвалидов объектов инженерной, транспортной и социальной инфраструктур - от 2 до 3 тысяч рублей для должностных лиц; от 20 до 30 тысяч рублей для юридических лиц (ст. 9.13 КоАП РФ); - нарушение требований законодательства, предусматривающих выделение на автомобильных стоянках (остановках) мест для специальных автотранспортных средств инвалидов - от 3 до 5 тысяч рублей на должностных лиц; от 30 до 50 тысяч рублей на юридических лиц (ст. 5.43 КоАП РФ).

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

Саниат КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 8. 07. 16 г. 17. 30
фактически -18. 45 мин.
.....
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.